# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–27 अगस्त 2025 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी क अध्यक्षता में आजु केंद्रीय मंत्रिमंडल क बइठकी भइल। बइठकी में 'प्रधानमंत्री स्ट्रीट वेंडर आत्मनिर्भर निधि पीएम स्वनिधि योजना' के पुनर्गठन अउर ऋण अवधि के इकतीस दिसंबर दुइ हजार चउबीस से आगे बढ़वले क मंजूरी दे दीहल गइल। ई ऋण अवधि अब एकतीस मार्च दुइ हजार तीस ले बढ़ा दीहल गइल हौ। कैबिनेट क बइठकी के जरिये केन्द्र सरकार की ओरि से स्ट्रीट वेंडर्स अउर उनके परिवारन खातिर बेहतर ऋण, यूपीआई लिंक्ड, क्रेडिट कार्ड, डिजिटल व्यवस्था आ समग्र सामाजिक–आर्थिक विकास क सुविधा दिहले क पहल कइल गइल बा।

**********

जम्मू में माता वैष्णों देवी मंदिर के राहि पर भारी बरखा के बिच्चे भइल भूस्खलन में जनहानि पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी दुख जतवले हवें। काल्हि येह हादसा में प्रदेस क एगो नौजवान के सथहीं कुछु अउरियो सरधालुअन क मउति हो गइल, ओही कई सरधालु घाही हवें। प्रधानमंत्री एगो सोसल मीडिया पोस्ट में कहलें कि प्रसासन सज्जो पीड़ित लोगिन क सहायता कइ रहल हौ। दुरघटना के बादे से मौका पर राहत अउर बचाव कार युद्ध स्तर पर चलत बा। येह बिच्चे उत्तर रेलवे जम्मू क्षेत्र में भारी बरखा के नाते पैंतालीस रेलगाड़ियन के रद्द कइ दिहले हौ।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ के लोकभवन में उत्तर प्रदेश अधीनस्थ सेवा चयन आयोग की ओरि से चयनित दुइ हजार चारि सौ पचीस मुख्य सेविका अउरी तेरह फार्मासिस्टन के नियुक्ति पत्र वितरित कइले। येह मौका पर अपने सम्बोधन में मुख्यमंत्री महिला ससक्तिकरण आ बाल स्वास्थ्य अउर पोसण के मामिला में सरकार के उपलब्धियन क चरचा कइलें। मुख्यमंत्री कहलें कि प्रदेस सरकार पछिला आठ बरिस में चालीस हजार से बेसी बेटियन के खाली उत्तर प्रदेस पुलिस बल में भरती कइले हौ। उहां के मुख्यमंत्री कन्या सुमंगला योजना अउर बाल वाटिकन के सफलता पुरवक संचालनो क उल्लेख कइलीं।

***बेटा हो या बेटी कोई भेदभाव नहीं होना चाहिए। लोगों में अवेयरनेस पैदा होनी चाहिए। जागरूकता बहुत महत्वपूर्ण है और इसी के लिए प्रदेश में हम लोगों ने मुख्यमंत्री कन्या सुमंगला योजना चलाई। मुझे प्रसन्नता है कि अभी छब्बीस लाख बेटियों को हम इस योजना के साथ जोड़े हुए हैं।***

प्रदेस के अउरियो जिलनों में समारोह क आयोजन कइ के लखनऊ के लोकभवन में भइल कार्यक्रम क सोझै प्रसारण कइल गइल। जौनपुर जिला में कलेक्ट्रेट सभागार में नया चयनित नौजवान लोग मुख्यमंत्री क वर्चुअल सम्बोधन सुनलें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ काल्हि संझा लखनऊ स्थित अपने सरकारी आवास पर उत्तर प्रदेश इलेक्ट्रॉनिक्स घटक विनिर्माण नीति दुइ हजार पचीस के बारे में बिचार–विमर्स कइलें। उहां के येह प्रस्तावित नीति के बारे में कई गो अहम निरदेस दिहलीं। एगो रिपोर्ट–

***मुख्यमंत्री ने कहा कि यह नीति प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के आत्मनिर्भर भारत और मेक इन इंडिया के संकल्प को मजबूती देने के साथ साथ राज्य की अर्थव्यवस्था को नई ऊंचाई पर ले जाएगी। यह न केवल विदेशी निवेश आकर्षित करेगी, बल्कि आयात पर निर्भरता घटाकर घरेलू मूल्य संवर्धन और विदेशी मुद्रा की बचत में भी सहायक होगी। उन्होंने कहा कि पिछले आठ वर्षों में प्रदेश ने औद्योगिक विकास की दिशा में ऐतिहासिक प्रगति की है। अब समय है कि उत्तर प्रदेश इलेक्ट्रॉनिक्स विनिर्माण में भी वैश्विक मानचित्र पर अपनी अलग पहचान बनाए। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

**********

हिमाचल प्रदेस क राज्यपाल शिव प्रताप शुक्ल आजु गोरखपुर आ रहल हवें। उहां के एइजा कई गो कार्यक्रम में हिस्सा लेइबि। श्री शुक्ल बिहने संझा चारि बजे आकाशवाणी गोरखपुर की ओरि से आयोजित एगो इंटरव्यू कार्यक्रमो में सामिल होइबि। उहां के ओन्तीस अगस्त के वापिस लवटि जाइबि।

**********

मेरठ से लखनऊ ले चले वाला वंदे भारत एक्सप्रेस ट्रेन अब अजोध्या धाम स्टेसन से होत बनारस कैंट स्टेसन ले चलावल जा रहलि हौ। आजु ई ट्रेन बनारस कैंट स्टेसन से अजोध्या धाम पहुंचलि जहवां जनप्रतिनिधि लोगि एके हरियर झंडी देखा के अगिला स्टेसन बदे रवाना कइलें।

**********

आजु गणेश चतुर्थी क तिउहार धारमिक सरधा अउर उछाह के साथे मनावल जा रहल बा। राष्ट्रपति द्रोपदी मुर्मु, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ देसवासियन के गणेश चतुर्थी क सुभकामना दिहले हवें। अजुये से दस दिन क गणेश उत्सवो क सुरूआति हो गइल हौ। बनारस जिला में नमामि गंगे बड़कवा गणेश मंदिर में गणेश जी क पूजा–अर्चना कइ के लोक कल्याण क कामना कइलस। अजोध्या के श्रीराम जनमभूमि मंदिर क परकोटा में बिराजमान श्री गणेश भगवानो क आजु पूजन कइल गइल।

**********